

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data dina bab saméméhna, bisa dicindekkeun genep hal, nyaéta kasang tukang tradisi kadaharan tina sampeu jeung upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi, struktur upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi, unsur budaya jeung ajén-inajén anu nyampak dina upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi, sabab-musababna masarakat Kampung Cireundeu nu jadi tatali huripna bet ku sampeu lain ku paré, sabab-musababna upacara TTNTSS Sunda masih dipertahankeun tur diparaké ku masarakat Adat Cireundeu dina mangsa rosa na arus modérnisasi budaya jeung globalisasi kiwari, unsur semiotik anu nyampak dina upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi, jeung larapna upacara TTNTSS pikeun bahan pangajaran maca bahasan budaya di SMA.

Masarakat Cireundeu mangrupa salahsiji gambaran masarakat nu aya di Jawa Barat anu nyekel deleg tradisi. Éta hal katitén tina kabiasaan nuang sangu sampeu (rasi). Patali jeung kabiasaan nuang sangu sampeu, masarakat Cireundeu tetep mertahakeun tradisi luluhurna sarta mangrupa wujud sukur ka nu kawasa réhna geus dipaparin rupa-rupa kaberkahan, masarakat Cireundeu ngayakeun Upacara TTNTSS sok sanajan dina mangsa ngagalurana modérnisasi budaya jeung globalisasi. Lian ti tradisi nuang sangu sampeu, di Cireundeu ogé aya upacara TTNTSS anu masih dilaksanakeun. Tujuan diayakeun upacara TTNTSS mangrupa wujud rasa sukur ka nu Kawasa réh na parantos dipaparin rejeki nyaéta hasil tatanén anu mucukil salila sataun. Lian ti éta ngagédéng ogé pangharepan yén dina nyanghareupan taun anu anyar aya dina kalancaran sarta sagala pangharepan tinekanan. Struktur upacara TTNTSS nyoko kana 3 hal kayaning pra acara, acara inti, jeung pasca acara. dina upacara TTNTSS kapanggih 7 unsur budaya nyaéta sistem réligi, sistem kamasarakatan jeung organisasi sosial, sistem pangaweruh, basa, sistem pakasaban, jeung sistem pakakas hirup jeung téhnologi. Dina Upacara TTNTSS kapanggih ikon, indéks, jeung simbol tina pakakas, kadaharan, jeung

kalengkepan dina Upacara TTNTSS. Simbol anu kapaluruh aya 18, indéksna aya 1, ikon na aya 3.

Dina upacara TTNTSS ogé leubeut ku ajén-inajén. Ajén-inajén anu nyampak diina Upacara TTNTSS diantarana nyaéta ajén sosial, ajén agama, ajén moral, jeung ajén budaya.

Tina hasil panalungtikan ieu, bisa dijadikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA. Ngeunaan hasil atawa henteuna bahan pangajaran maca bahasan, gumantung kana téhnik jeung métode nu dipaké ku guruna. Salian ti éta, guru kudu ngaluyukeun bahan pangajaran jeung kamampuh siswana sorangam sangkan bisa ngahontal kana tujuan pangajaran nu dimaksud.

## 5.2 Rékoméndasi

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan Upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi, aya sawatara hal anu perlu ditepikeun, diantarana:

- a. Pikeun pihak lembaga, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber référénsi pikeun nalungtik tradisi di masarakat Sunda tur jadi dokuméntasi dina kamekaran kabudayaan Sunda. Salian ti éta, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca bahasan di sakola. Husus pikeun mahasiswa, loba kénéh anu acan kaguar tina ieu tradisi téh. Atuh ka hareupna, kacida hadéna lamun seug ieu tradisi téh ditalungtik deui dina garapanana anu leuwih husus, sangkan kaguar deui hal-hal séjén anu can katalungtik.
- b. Pikeun nu nalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan, jeung
- c. Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi hiji sarana pikeun masarakat umum mikawanoh leuwih jembar ngeunaan Upacara TTNTSS, nu antukna masarakat dipiharep bisa leuwih ngamumulé kabudayaan urang nyaéta budaya Sunda hususna Upacara TTNTSS nu aya di Kampung Cireundeu Kota Cimahi.